# ҚОСЫҚ МУЗЫКА ӨНЕРИНИҢ ЕҢ ДӘСЛЕПКИ ТҮРИ СЫПАТЫНДА

**Сарсенбай Балтаниязов Айтмуратович** – *профессор*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** қўшиқчи, товуш куши, диапазон, интонация, мусиқа, диафрагма.
**Ключевые слова:** певец, сила звука, диапазон, интонация, музыка, диафрагма.
**Key words:** singer, sound power, romance, range, register, intonation, diaphragm, vocal cords.

Қосық барлық музыканың тийкары деген еди, XV әсирде жасаған немец композиторы Георг Филлип Телеман. Дүньяда музыканы сүймейтуғын, оның тәсирин өзинде сезбейтуғын адам болмаса керек. Адам оқып ямаса жазып билмеўи мүмкин, бирақ ол әжайып қосық ямаса наманың қүдиретли күшин бәрҳама сезеди. Музыканың қүдиретли күши барлық ўақытта да бизди руўхый жақтан қоллап-қуўатлайды, бизге жәрдем береди. Бир яки бир неше даўыс ушын дөретилген қосық музыка өнериниң ең дәслепки түри болып есапланады.

Ең биринши адамлар пайда болған ўақытлары олар даўыстан бир-биреўи менен сес арқалы қарым-қатнас жасаў ушын пайдаланған. Солай етип сес пенен музыка бир тамырдан пайда болған.

Адамзаттың раўажланыўы менен вокал көркем өнериниң формалары да раўажланып барды. Солай болса да бул өнер көплеген жыллар даўамында халықтың турмысы, мийнет, аяқ ойынлары менен байланыслы болды. Вокал көркем өнери бир неше жанрлардан ибарат: қосық, романс, вокал ансамбли ушын шығармалар, хор музыкасы ҳәм опера. Буның барлығында еки элемент қатнасады: музыка ҳәм сөз. Музыка менен сөз арасындағы уқсаслық көп. Адамның сөйлегенинде музыка элементи бар-бул интонация. Интонация сөзге анықлық эмоция береди.

Вокал көркем өнеринде интонация-анықлықтың негизи болып есапланады. Айырым ўақытлары музыкалы фразаның мелодиясы интонациядан туўылады. Сөз қосық болып айтылған ўақытта сөзде жаңа қәсийетлер, текстте музыка өнерине тән қәсийетлер, пайда болады. Сөзде даўыстағы көтериңкилик яки пәске түсиў (тон) сөздиң мәнисине байланыслы болса, музыка оған ритмикалық өлшем бағышлайды. Соның ушын да поэзия ҳәм музыка әзелден бир өнерден-қосықтан пайда болған.

Вокал көркем өнериниң барлық жанр ҳәм формаларында вокалдың сөз интонациясы менен байланыслы сақланып қалған. Соның ушын да бул өнер адамлардың қайғы – ҳәсиретин, қуўанышын дәл, анық жеткерип бере алады.

Музыка деп аталатуғын усы әжайып қәдириятта сондай кәраматлы күш бар, оның тәсирин түсиниў ҳәм сезиниў ушын ҳеш қандай дилмаштың кереги жок.

Бүгинги күнниң талаплары музыкалық билимлендириўди сана жағынан тағы да жоқары дәрежеге көтериўге шақырады.

Музыка сабағы оқыўшылардың мәдений, эстетик раўажланыўын қәлиплестирип, миллий мақтаныш ҳәм ўатанға сүйиспеншилик сезимлерин тәрбиялаўда, әмелге асырыўда, дөретиўшилик шеберликлерин ҳәм көркем туйғыларын тәрбиялаўға хызмет етеди.

Музыка сабағында қосық үйретиў дәўири әҳмийетли болып есапланады. Оқытыўшылар, әсиресе баслаўыш класс оқыўшылар сабақта қосықты айтып, қысқа ўақыт ишинде қосықты ядлап алыўлары керек болады. Ҳақыйқатында да, қосық айтыў арқалы адамның музыкалы қәбилетлери тәбийий пайда болады, оның кеўил-кейпияты ҳәм сезимлери даўыс жәрдеминде жүзеге келеди.

Қосықшының даўысы егер де оның даўыс тембри (түси) жағымлы болып қосық атқарғанда сол даўысынан шебер пайдалана билсе, онда бул даўыс адамларды дуўалап алыў күшине де ийе болады.

Әййемги Греция әпсаналарында бул сөзимизге дәлил табыўға болады: Сиреналар (ярым кус-ярым ҳаял) - теңизшилерди өзлериниң әжайып сести менен теңиз түбине шақырып келтирген. Одиссей сиреналардың тусына келгенде жолдаслары сиреналардың даўысын еситпеў ушын олардың қулақларына шам қуйған, өзин кемесиниң мачтасына беккем байлап сиреналардан аман-есен өтип алған. Ясон болса Колхидаға жолға түсерде Орфейди кемесине алып шыққан. Орфейдиң нәзик даўысы ҳәм лирасының сести сереналардың сестинен үстем келип Ясон өз жолдаслары менен мәнзилге аман жетип алған. А.П.Чехов айтқанындай: «Инсанда ҳәмме нәрсе гөззал болыўы керек». Инсанның

даўысы да гөззаллықтың бир түри. Әлбетте атқарыўшының даўысы тембри менен жағымлы болса ҳәм қосықшы оны жақсы меңгерип билсе сөзсиз бизди өзине тарта алады. Қосықшылықтың ең бийик шыңы болып Италия қосықшылық мектеби есапланады. Дүнья вокал тыңлаўшыларын таң қалдырған Италия қосықшыларынан: Л.Паваротти, П.Доминго, Т.Монте, ҳәм тағы басқаларды атап өтиўге болады. Республикамыздың қосықшыларынан Б.Надиров, М.Ходжаниязов, К.Сержанов, Э.Айтниязова, Д.Хожамбергенов ҳәм тағы басқаларды мақтаныш пенен тилге алсақ болады. К.С.Станиславский өзиниң «Мениң көркем өнердеги өмирим» атлы китабында баланың музыкалы-эстетика тәрбиясы жөнинде былай деп жазған: «Мен ата-анама сондай миннетдарман, себеби бизлерди ерте жастан-ақ музыканы тыңлаўға мәжбүрледи. Сөзсиз, бул мениң еситиў қәбилетиме ҳәм дүнья қарасының қәлиплесиўине жақсы тәсир жасады». Және де бир мысал: уллы Австриялық композитор В.А.Моцарттың әкеси-Леопольд Моцарт скрипкашы ҳәм музыка оқытыўшысы, баласының қәбилетин ертеден сезинип оның музыка тәрбиясы менен жеке өзи шуғылланып 4-5 жасында музыка дөретиўине, 6 жаста концертлер шөлкемлестириў ушын көп тер төккен. В.А.Моцарт 12 жасында биринши операсын жазған.

Демек, баланың музыкалы тәрбиясын қанша ерте басласа, соншама жақсы нәтийже болады. Ҳәттеки баласының бесигин тербетип отырып, айтқан ана хәййиўи де үлкен қәсийетке ийе болып баланың еситиў қәбилетлерине, музыкалы тәрбиясына, музыкаға болған ықласының пайда болыўына тәсир жасайды. Бесиктиң жанына магнитофон ямаса радиоприемник қойып, тыныш музыка қойып балаға еситтирсе жылап атырған бала тынышланады, ҳәттеки уйықлап та қалады.

Әсиресе, музыканы театр сахналарында жанлы еситсе, ол балада жақсы тәсир қалдырып, музыкаға деген ықласын буннан да бетер беккемлеўи сөзсиз. Музыкалы спектакльлерде хор атқарыўшылығын тыңлап сеслер дүньясының, көп сесликтиң гөззаллығына тән бериўи мүмкин. Уллы рус оқытыўшысы К.Д.Ушинскийдиң айтқанындай: «Қосыққа, әсиресе хор атқарыўындағы қосықта улыўма бир тәрепинен инсанды жанландырыўшы ҳәм ҳәрекетке келтириўши сыпатлары болса, екинши тәрептен мийнетти улыўмаластырыўға, биргеликте белгиленген бир мақсетке ерисиўге болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Барламов А.Е.Полная школьная пения. – М.: «Планета музыки», 2012 г.
2. Бризгалов И.С. Школа пения для баритона и баса. – Тошкен: Литературы и искусства им Гафура Гуляма, 1987 г.
3. Ризаева М.Стоновление молодого певца. – Т.: «Чулпон», 2003 г.

**РЕЗЮМЕ.** Одам ўқиб ёки ёзиб билмаса ҳам у ажойиб қўшиқ ёки куйнинг қудратли кучини ҳис этиши, қўшиқ санъати мусиқанинг асоси эканлиги таъкидланади.

**РЕЗЮМЕ.** Подчеркивается, что искусство пения является основой музыки, когда человек чувствует мощную силу прекрасной песни или мелодии, даже если он не умеет читать или писать.

**SUMMARY.** It is emphasized that the art of singing is the foundation of music when a person feels the powerful power of a beautiful song or melody, even if they cannot read or write.